# 1941 анз 22 июнь



## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Хъарман-Синдзигъæуи цæргутæй рандæй 1068 адæймаги. Айдагъ нæлгоймæгтæ нæ, фал ма æригон кизгуттæ дæр... Аци гъæуи тугъдонтæй 370, сæ фулдæр хуæрз æригон уогæй, сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ нивварддтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци номерæн циртдзæвæн...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№8 (789) 2021 анзи 12 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ


## АРФÆ КÆНÆН!..



## АРХИВОН СЛУЖБИ ÆНÆКЪУЛУМПИ АРХАЙДÆН

Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар ТУСКЪАТИ Таймуразæн видеоконференций бастдзийнади фæрци фембæлд адтæй Цæгат Иристон-Аланий Архивон служби разамонæг ТЕБИАТИ Елени хæццæ.

Аци цау ахсгиаг æй дууæ гъуддагемæ гæсгæ. Еуемæй еци фембæлд арæзт æрцудæй аци къабази косгути профессионалон бæрæгбони хуæдразмæ – куд зундгонд æй, уотемæй 10 мартъий бæрæггонд фæццæуй архиви Бон.

Бæрæгбонæн ба еци бон уомæ гæсгæ æвзурст æрцудæй, æма 1720 анзи 28 феврали (нæуæг нимадмæ гæсгæ – 10 мартъий) паддзах Петр I бафинста Уæрæсей фиццаг паддзахадон акт – «Генералон регламент кенæ Устав». Еци акт исбæлвурд кодта паддзахадон разамунд дæттуни бундортæ, уæдта байхæс кодта хецауади паддзахадон еугур къабæзти дæр исаразун архивтæ æма актуариуси (архивариуси) паддзахадон бунат, кæци ихæсгин адтæй «письма прилежно собрать, оными реестры чинить, листы перемечивать...»

Абони архивти косгути архайд документтæмæ гæсгæ, айдагъдæр архивон справкитæ дæттунæй нæ хецæн кæнуй. Етæ ма архайунцæ берæ аллихузон исфæлдистадон гъуддæгути.


2


# Æ ТÆМÆНТÆКАЛГÆ ИСКУРДИАДÆ – Æ ÆНОСОН МÆСУГ НÆ АЙЙЕВАДИ!..




*ЦОРИОНТИ Хъаурбеги фурт Резван... Иристони искурдиадæгиндæр композитортæй еу. Абони ин æнæ æхецæй бæрæг кæнæн æ фондз æма цуппаринсæй анзей бон – райгурдæй Лескени 1936 анзи 4 мартъий. Æгæр раги фæгъгъудæй не 'хсæнæй (æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1997 анзи 21 феврали), æгæр раги банцадæй е 'сфæлдистади тæмæн. Фал цæрунцæ æ зартæ, Иристони къумти азæлуй æ зæрдæскъæфæн музыкæ. Æ ном иронхи нæй. Кæмæн æма ке туххæй финста, æ уодæй фулдæр ци адæми уарзта, етæ 'й устурæй, минкъийæй сæ зæрдæбæл дарунцæ, имисунцæ 'й æргомзæрдæй, раст хæстæг хеуони хузæн. Æма ин æ рохс ном имисæн, нæ газети абониккон номери 4-6-аг фæрстæбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй.*

**КОЛИТИ Витали**

### ЗÆРДÆЙ РАСКЪУД ТУНТИ ЗÆЛТÆ

*ЦОРИОНТИ РЕЗВАНИ НОМБÆЛ*

*Дæ номæй, дæ кадæй хъал адтан,*
*Бæрзондæй ди хастан мах нæ сæртæ.*
*Нур цæуис тар ингæнмæ, Резван,*
*Нæ царди нифс, не 'нцойнæ, нæ зæрдæ...*

*Адæм уарзун – дæ царди нициетт,*
*Дзиллæ дæ имисуй зарæггæнгæй.*
*Нур ци 'гъдауæй финсон– куд поэт*
*Æз абони дæубæл мæ гъарæнгæ.*

*Ци æгъдауæй зæгъон æз нæбал,*
*Нæ, нæбал фæууиндзæнæн Резвани.*
*Кæд мæ уодæн адтæ – зæрдæмбал,*
*Иристонæн хаттæ цирагъдарæй.*

*Уой æнгъæл некæд адтæн, æма*
*Дæу циртбæл æз мæ къох æвæрдзæнæн.*
*Уой æнгъæл некæд адтæн, æма*
*Дæу мæ царди нæбал фæууиндзæнæн.*

*Ке куд фæндуй – гъудитæ кæнæд,*
*Мæнæн ба федар æй мæ æууæнкæ.*
*Нæ дин ес, нæ, мæ зæрди мæлæт,-*
*Æвдесæн мæ рæнгъитæ фæууæнтæ...*

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

*Рагонкитайаг дзурддзæугæ лæг Хун ЦЗЫЧЕН загъта: «Кадæмæ, гъæздуг-дзийнадæмæ... тундзуни гъудитæй дæхе ку иссæребарæ кæнай, айдагъ-дæр дин уæд бантæсдзæнæй царди æнаййев, илгъаг миутæй фæййер-вæзун. Царди дæбæл ихæс ке ес, хуæрзгæнæг æма дæ адæмуарзон ун ке гъæуй, ку æнхæст кæнай, айдагъдæр уæд æрлæудзæнæ зунди надбæл...»*

# ЦÆМÆЙ ФУЛДÆР ТУРИСТТÆ ИСИУАЗÆГ КÆНÆН...

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæг Битарти Вячеславæн косæг фембæлд адтæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг Сæбæтхъуати Æхсарбег æма Туризми республикон комитети сæрдар Хъодзати Заурбеги хæццæ.

Фембæлди рæстæг æргом раздахтонцæ Цæгат Иристони инфраструктури идарддæри райрæзтмæ, уæдта хæстæгдæр туристон сезонмæ аккаг хузи бацæттæ кæнуни фарстатæмæ.

Дзубандий райдайæни Битарти Вячеслав куд фæннисан кодта, уотемæй сæрди фæлладуадзæн рæстæгмæ цæттæгæнæн куститæ нури уæнгæ райдайун гъæуй, цæмæй туристти фæлладуадзунæн Цæгат Иристони уа зæрдæмæдзæугæ уавæртæ.

– Нæ зæрдæ дарæн, аци анз республикæмæ æндæр регионтæй никки фулдæр иуазгутæ ке иссæудзæнæй, уобæл. Еугур фадуæттæй дæр байархайун гъæуй, цæмæй Цæгат Иристони иуазгутæ аразийæй байзайуонцæ, республики ци бонтæ рарветонцæ, уомæй, – бафеппайдта Битари-фурт.

Еци нисанбæл профилон ведомствитæ æма организацитæ куд косунцæ, уой тухххæй адтæй æ дзубанди Хъодзати Заурбегæн. Комитети сæрдар куд загъта, уотемæй фиццаградон æргом æздæхт цæуй, туристтæ сæ фæллад кæми уадздзæнæнцæ, еци курорттæ æма иннæ уæхæн бунæтти лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæ æнайвепдæр æма хуæздæр кæнунмæ. Цæмæй фæллад исуадзун æма республики зæрдæбæлдарæн бунæттæ фæууинунæй уæлдай, туристтæн алли рауæн дæр уа, хуайраг кæми бахуæронцæ, транспорти лæггæдтæй кæми испайда кæнонцæ æма уотæ идарддæр. Хъодзайи-фурти дзубандимæ гæсгæ, уæхæн техникон æма санитарон ефтонгдзийнади еугур фарстатæ дæр лухгонд цæудзæнæнцæ федералон нормативти бундорбæл.

Фембæлди архайгутæ сæрмагонд æргом раздахтонцæ Цæгат Иристони туристон гæнæнти хæццæ фулдæр адæми базонгæ кæнуни фарстамæ дæр. Профилон комитети сæрдар куд фæннисан кодта, уотемæй еуæй-еу федералон æма регионалон дзиллон хабархæссæг фæрæзнити рæстæгæйрæстæгмæ мухургонд æрцæуй рекламон игъосункæнуйнæгтæ Цæгат Иристони алæмæти æрдзæ æма зæрдæбæлдарæн бунætти тухххæй. Уомæй уæлдай, хæстæгдæр рæстæг республикæмæ радон хатт æрхондзæнæнцæ уæрæсейаг туристон агентадти минæвæртти, цæмæй етæ сæхе цæстæй фæууинонцæ республики рæсугъддзийнæдтæ æма фулдæр адæми æргом раздахонцæ Цæгат Иристонмæ.

Аци æма иннæ фарстатæ ахедгæдæр хузи лух кæнуни фæдбæл Битарти Вячеслав бæлвурд амунддзийнæдтæ равардта профилон ведомствити разамонгутæн.

*Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ*





# ОРДЕН «ИРИСТОНИ НАМУС» – ТОХЪАЙТИ НОХÆН

ЗУНДГОНД куд æй, уотемæй Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг, экономикон наукити доктор, профессор, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти депутат **Тохъайти Нохбæл** æрæги исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Æма еци агъазиау цауи фæдбæл юбиляри хæццæ фембæлдæй Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**.

Тохъайи-фуртæн зæрдиагæй райарфæ кæнгæй, республики разамонæг ахургонди исхуарзæнхæ кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий бæрзонддæр паддзахадон хуæрзеуæг «Иристони Намус»-и орденæй.

– Де 'хсæнадон æма педагогон архайд рагæй зундгонд æнцæ, ирæзгæ фæлтæри хæццæ ци гъомбæладон куст кæнис, е дæр устур арфи аккаг æй, – загъта æ арфи радзубандий Битарпи Вячеслав. – Дæ гъомбæлкæнуйнæгтæй беретæ иссæнцæ зундгонд экономисттæ æма ахургæндтæ, раззагдæр кустуæтти разамонгутæ. Де 'хсæнадон архайд никки фæахедгæдæр æй, республики Парламенти депутат ку исдæ, уæдæй фæстæмæ. Уони тухххæй дин арфæ кæнун. Æнæнездзийнадæ, амонд æма фæрнугадæй хайгин уо, – æ арфи дзубандий фæббæрæг кодта Битарти Вячеслав.

Тохъайти Нох æ дзуаппон дзубандий куд загъта, уотемæй, æ хъауритæ куд амонунцæ, уотæ идарддæр дæр косдзæнæй республики хуарзæн, æ идарддæри социалон-экономикон æма культурон райрæзти сæрбæлтау.

Зæгъун гъæуй, юбиляри цард æнæгъæнæй дæр экономикон науки хæццæ баст ке æй, уой. Тохъайи-фурт, Мæскуй М.Ломоносови паддзахадон университети рауагъдон, агъазиау фескъуæлхтæй æ наукон архайдæй, бæрзонд аргъгонд ин цæуй айдагъ Иристони æма Уæрæсей нæ, фал ма сауæнгæ фæсарæнти дæр, зæгъæн æвзурст æрцудæй Нью-Йорки наукити академий æцæг иуонгæй. 1988 анзæй фæстæмæ косуй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети, нуртæккæ æй, уоми финанстæ æма кредити кафедри сæргълæууæг.



# ЗÆРДИАГ АРФИТÆ – МАГАТИ ХЪАЗБЕГÆН

АЦИ БÆНТТИ Уæрæсей Федераций æма Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт дохтир, медицинон наукити кандидат, Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиники сæйраг дохтир **Магати Хъазбег** бæрæг кæнуй æ дæс æма æртинсæй анзей бон.

Юбилярæн зæрдиаг арфитæ æма хъазар лæвар ракодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав.**

Республики разамонæг æ арфи дзубандий фæббæрæг кодта, Магай-фурти байвæрæн медицини къабази райрæзтмæ.

– Ду берæ æнзти дæргъи æнтæстгин разамунд дæттис поликлиникæн, ахедгæ куст кæнис медицинон кадртæ цæттæ кæнунбæл. Еудадзуг дæр архайис адæми æнæнездзийнадæбæл æма е, æцæгæйдæр, устур æма фæрнуг нисан æй. Мæ зæрдæ дин дæхецæн дæр зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, дæ берæвæрсуг архайд æнтæстгин куд уа, – фæббæрæг кодта Битарти Вячеслав.

Магати Хъазбег арфæ ракодта республики Сæргълæууæгæн, æ архайдæн ин уæхæн бæрзонд аргъгонд ке цæуй, уой фæдбæл.

***

***Мах дæр, газет «Дигори» редакций коллектив, хъæбæр æхцæуæнæй арфæ кæнæн Тохъайти Нох æма Магати Хъазбегæн, нæ зæрдæ син зæгъуй никки агъазиаудæр æнтæстдзийнæдтæ, зæрдрохс бæнттæ.***

# АРХИВОН СЛУЖБИ ÆНÆКЪУЛУМПИ АРХАЙДÆН

Зæгъæн, рауагъдадон проектти, документалон æрмæгути бундорбæл аразунцæ равдиститæ, се 'рмæгутæ мухургонд цæунцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æма берæ æндæр аллихузон мадзæлтти. Сæ еци архайдæн æ ахедундзийнадæ агъазиау æй – уой фæрци бæрзонддæр кæнуй дзилли удварнон културæ, лæмбунæгдæр кæнуй еугур фæлтæрти цæстдард евгъуд дзаманти хабæрттæмæ.

Еци архайди ахсгиагдзийнадæ нимайгæй, нæ республики разамунд еудадзугдæр лæмбунæг цæстингас даруй нæ Архивон служби фарстатæмæ, кæми сæ ци агъаз гъæуй, уомæй сæмæ фæккæсуй.

Уомæн æвдесæн, мæнæ æрæги Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар Тускъати Тайморазæн нæ республики Архивон служби разамонæг Тебиати Елени хæццæ ци фембæлд адтæй, е дæр.

Фембæлди архайгутæ æрдзурдтонцæ Архивон служби æнæкъулумпи архайди фарстатæбæл.

Тебиати Еленæ куд радзурдта, уотемæй республики Хецауади еудадзугон агъази фæрци паддзахадон архивти кусти фæткæ зингæ фæннивæбæлдæр æй. Уой хæццæ, архивти бæстихæйтти фæстаг æнзти зингæ цалцæггæнæн куститæ арæзт ке 'рцудæй, уой фæрци ахсгиаг историон гæгъæдитæ æфснайуни архайд æнайвепдæр кæнуй.

– Нæ адæм æма республики истори, културæ æма царди иннæ къабæзти райрæзт æвдесæг æрмæгутæ багъæуай кæнун, федæни фæлтæртæмæ сæ æнæгъигæдардæй бахъæртун кæнун – етæ 'нцæ Цæгат Иристони Архивон служби сæйрагдæр ихæстæ. Æма еци вазугин кусти уодзæнæй еудадзугон паддзахадон цæстдард, – фæббæрæг кодта Тускъати Таймораз.

Фембæлди рæстæг загъд куд адтæй, уотемæй хæстæгдæр рæстæг райдайдзæнæй РЦИ-Аланий Центрон паддзахадон архиви нæуæг бæстихайи арæзтадæ. Проектмæ гæсгæ еумæйаг фæзуат уодзæнæй 4,5 мин квадратон метремæй фулдæр. Уоми бафснайæн уодзæнæй аллихузон 850 ахсгиаг гæгъæдитæй фулдæр. Уой хæццæ, нæуæг архиви æфснайæнтæ фагæ уодзæнæнцæ хæстæгдæр 40-50 анземæн.

Тебиати Елени дзубандимæ гæсгæ, Архивон служби кустбæл хуарзæрдæмæ зиннунцæ нуриккон информацион технологитæ дæр. Уони фæрци лæмбунæгдæр æнхæстгонд цæунцæ, еугурвæрсуг архивон бæрæггæнæнтæ ке багъæуй, еци ахургæндти, уæдта æнæгъæнæ организацити курдиадитæ дæр. Служби разамонæг е 'ргом раздахта, паддзахадон архивти специалисттæ фæсевæди патриотон гъомбæлади куд архайунцæ, циуавæр рохситауæн мадзæлттæ арæзунцæ, уонæмæ дæр.

Уæлдæр амунд фарстатæбæл дзоргæй, Хецауади Сæрдар Архивон служби разамундæн байхæс кодта, цæмæй еудадзуг дæр æнгомдæр кæнонцæ се 'мгустадæ Национ рахастдзийнæдти фарстати фæткæбæл, Културæ æма Ахурадæ æма науки министрадти хæццæ, уæлдæр ахургæнæндæнтти хæццæ. Уой фæрци ахедгæдæр хузи пайдагонд цæудзæнæй гъæздуг историон æрмæгутæй ирæзгæ фæлтæри патриотон гъомбæладæ æма ахуради фарстати.

*Еума цийнаг хабар дæр баст æй нæ республики Архивон служби архайди хæццæ. Уой тухххæй æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.*




# ИСТОРИОН ÆВÆРÆНТÆ ГЪÆУАЙГÆНГУТÆ

*САЕ ДÆСНИАДÆМÆ гæсгæ сæ куст архивти хæццæ баст кæмæн æй, етæ дæсæймаг мартъий исбæрæг кодтонцæ сæ профессионалон бæрæгбон – архивти еугуруæрæсеуон Бон. Цæгат Иристони Архивон служба ба е адтæй дувæр бæрæгбон, уомæн æма ибæл евгъуд анзи исæнхæст æй сæдæ анзи. Уой фæдбæл Национ музейи æрæги арæзт æрцудæй кадгин бæрæгбон.*

Сæдæ анзи минкъий нæ 'нцæ. Еци дзæвгарæ рæстæги дæргъи архивон служби косгутæ фæлтæрæйфæлтæрмæ æмбурд кодтонцæ æма багъæуай кодтонцæ, уæдта абони дæр гъæуай кæнунцæ, аргъ кæмæн нæййес, Уæрæсей Хонсари хæццæ баст еци историон гæгъæдитæ – раги дзамантæй абони уæнгæ. Еци архивон бунти иссерæн ес хецæн адæймæгути, æнæгъæнæ муггæгти кенæ ба адæмихæттити историон фæд æма сæ хъисмæт. Еци цæстæй ракæсгæй, архивон æвæрæнтæн аргъ нæййес. Æнæдузæрдугæй, архивти хæццæ баст кустæн ес паддзахадон нисанеуæг.

Цæгат Иристони Архивон служби косгутæн сæ профессионалон бæрæгбони фæдбæл арфæ ракæнунмæ æрбацудæй республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Фадзайти Æхсарбег.**

– Нæ республики Архивон службæ æ сæдæ анзебæл æнтæстгинæй исæмбалдæй евгъуд 2020 анзи. Юбилеймæ ци мадзæлттæ нисан кодтан, етæ, бæрæг анхосæгти фудæй, къохи бустæги нæ бафтудæнцæ. Фал уæддæр анзи дæргъи арæзт цудæнцæ конкурстæ, равдиститæ, презентацитæ. Архивтæ 'нцæ, æности дæргъи адæми царди хæццæ баст цидæриддæр историон бунтæ ес, уонæн сæ гъæздуг æвæрæнтæ. Нæ республики ци архивтæ ес, етæ ба еци æвæрæнтæн æнцæ сæ хай æма сæ цæсти гагуй хузæн, ке гъæуай кæнетæ, сæ гъæздугдæр кæнунбæл зæрдиагæй ке архайетæ æма сæ уотемæй еу фæлтæрæй иннемæ ке дæттетæ, уой туххæй уин арфæ кæнун. Мæ зæрдæ уин зæгъуй берæ нæуæг æнтæститæ æма уæлахезтæ. Уæ кустæй арази куд уайтæ, æнæнез æма амондгунæй куд цæрайтæ, уæхæн арфæ уæ уæд, – загъта Фадзайти Æхсарбег.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Архивон службæбæл сæдæ анзи ке исæнхæст æй, еци кадгин бони фæдбæл, æ кусти уæлдай æскъуæлхтдзийнæдтæ æ къохи кæмæн бафтудæй, архивон служби къабази еци косгутæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Кади æма Зæрдæбæлдарæн нисантæй.

> **НÆКÆСИ!..**
>
> *Индий фарни лæг, фисолоф, финсæг æма публицист Рабиндранат Тагор (1861-1941) уотæ финста: «Æнамонд æй æ евгъуд бонти тиллæг ка нæ багъæуай кодта, еци наци, уомæн æма е байевдæлон æй евгъуд бонтæй дæр æма æ абонæй дæр. Байтаунæн имæ муггаг нæййес æма мæгургори хизин райста, цæмæй судæй ма рамæла. Мах гъæуама нæ зæрдæбæл дарæн, æ историйæй æнæ хай ка фæцæй, еци адæмтæй ке нæ ан… Æндæр адæмти дæрдгун дзаумæуттæ æмбурд кæнун ходуйнаг æй, æма 'й гъæуама нæ сæрмæ мабал хæссæн».*
>
> *Æма нæбæл цæмæй еци бæлах ма 'рцæуа, цæмæй нæ евгъуд дзаманти æвдесæнтæ тæккæ агъазиаудæр хæзнати хузи гъæуайгонд æрцæуонцæ, уой сæрбæлтау æновудæй архайунцæ нæ республики Архивон служби косгутæ. Зæрдиагæй син арфæ кæнæн сæ уодуæлдай фæллойни туххæй!..*

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон хецауади оргæнти берæ æнзти дæргъи æнтæстгинæй ке фæккуста, уой туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон граждайнаг служби косæги кадгин ном лæвæрд æрцудæй **Томæ Алиевайæн** – Цæгат Иристон-Аланий Архивон служби финансон-экономикон кусти æма гæгъæдитæй æнхæст кæнуни хайади сæргълæууæгæн.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий архивон къабази косгæй, сæ къохи уæлдай устурдæр æнтæстдзийнæдтæ ке бафтудæй, уой туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий культури æскъуæлхт косæги кадгин ном лæвæрд æрцудæй: **Арбиати Зæлинæн** – Цæгат Иристон-Аланий нæуæгдæр историй паддзахадон архиви директорæн; **Уаниты Эльвирæн** – Цæгат Иристон-Аланий нæуæгдæр историй æма историко-политикон документаций центри директорæн; **Кцойти Фатимæн** – Цæгат Иристон-Аланий нæуæгдæр историй паддзахадон архиви директори хуæдæййевæгæн.

Архивон куст нæ республики райрæзун кæнуни гъуддагмæ устур байвæрæн ке хæссунцæ, уой туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Кади грамотæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ: **Тебиати Еленæ** – Цæгат Иристон-Аланий Архивон служби разамонæг; **Батæрти Аслан** – Цæгат Иристон-Аланий Архивон служби разамонæги хуæдæййевæг; **Фидарати Ритæ** – Цæгат Иристон-Аланий Центрон паддзахадон архиви директори хуæдæййевæг.

Сæ профессионалон бæрæгбони фæдбæл Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги Арфи финстæгутæ райстонцæ нæ республики Архивон служби хуæздæр косгутæ æма специалисттæ: **Æлбегати Аллæ, Зассети Ларисæ, Золойти Фатимæ, Хъесати Илонæ, Мамитти Нуну, Сæлбити Жаннæ, Ларисæ Торгашина, Тасойти Тамарæ** æма **Хекъилати Светланæ**.

Архивон служби разамонæг Тебиати Еленæ райарфæ кодта республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеславæн**, Хецауади Сæрдар **Тускъати Тайморазæн** æма æ хуæдæййевæг Фадзайти Æхсарбегæн, архивон службæн сæ аллибони кусти устур агъаз ке кæнунцæ, уæдта Центрон паддзахадон архивæн нæуæг бæстихай исаразуни фарстамæ се 'ргом ке раздахтонцæ, уой туххæй. Фадзайти Æхсарбегæн е балæвар кодта, нæ республики ци зæрдæбæлдарæн майдан рауагътонцæ, уой, уæдта аци бæрæгбонмæ ма ци киунугутæ уагъд æрцудæй, уони – юбилейон рауагъдадæ «Æнусон истори хъахъхъæнджытæ» («Хранители вековой истории») æма «1886 азмæ Терчы облæсты Дзæуджыхъæукктаг зылды мыггæгтæм гæсгæ цæрæн бынæтты номхыгъдтæ», зæгъгæ, аци киунуги æхсæз томи.

Кæронбæттæни Архивон служби косгутæ Фадзайти Æхсарбеги хæццæ исистонцæ зæрдæбæлдарæн хузæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еу-дæс анзи кæбæл цудайдæ, уæхæн биццеу бæгънæгæй лæудтæй гъæунги… Фур уазалæй гæрц-гæрц кодта, уотемæй кастæй, тукани къæразгæй æндæмæ ка зиндтæй, уæхæн къахидарæсмæ. Уæд дин еу силгоймаг æ рази ку æрлæууидæ æма 'й ку бафæрсидæ:*

*– Мæнæ дзæбæх биццеу, уанæбæрæг ци дессаг фæуунтай тукани, уотæ цæмæдесæй цæмæ кæсис?*

*– Хуцауæй корун, цæмæй мин уæртæ уæхæн къахидарæс радта, – загъта биццеу.*

*Силгоймаг ин æ къохбæл ниххуæстæй æма еумæ бацудæнцæ туканмæ. Уосæ биццеуи медæггаг хатæнмæ бакодта, æ къæхтæ ин нихснадта æма ин сæ къæхтæсæрфæнæй ниссæрфта. Уæдмæ уæйæгæнæг цъиндатæ рахаста. Уосæ сабийи къæхтæбæл цъиндатæ искодта, никки ба ма ин æ аккаг къахидарæс дæр балхæдта. Цъиндатæй ма ци фондз фæлусти байзадæй, уони ба ниввардта дзæкъоли æма 'й сувæллонмæ равардта. Æ сæр ин æ армæй фæлмæн æрсæрфтитæ кодта æма загъта:*

*– Нур дæ къæхтæ гъæуама мабал суйуонцæ…*

*Уой фæсте биццеуæн хуæрзбон загъта æма рацудæй туканæй. Биццеу æй раййафта, æ къохмæ ин арæхстгай бавналдта, æ цæстисугтæ æргæр-гæр кодтонцæ, уотемæй æй рафарста:*

*– Ду Хуцауи уосæ дæ?..*

Нæ зонун, еци силгоймаг æхцатæй цæйбæрцæбæл бонгин адтæй, фал ни федарæй ба æруагæс кæнуй, е цæйдæрбæрцæбæл агъазиау гъæздуг разиндтæй уодигъæдæй: куд зæрдтагонæй барæвдудта мæгур сувæллони, кæци 'й хумæтæги не 'схудта Хуцауи уосæ. Нури доги, сæхецæй Хуцæуттæ ка аразуй, уони уоститæй еске уæхæн гъуддаг исараздзæнæй?.. Кунæг!.. Дзиллæн хабархæссæг фæрæзнитæ се 'дзаг æнцæ, уæззау незæй сæйгæ сувæллон фæййервæзун кæнунæн фæккæсетæ æхцайæй, зæгъгæ, курдиæдтæ. Некæд ма фегъустан, æма нæмæ гъæздугæй-гъæздугдæр ци силгоймæгтæ ес, етæ кæмæндæр фæййагъаз кодтонцæ… Агъаз кæнунцæ хумæтæг адæм…



**Лилиан КАРТЕР, Америки Еугонд Штатти президент Джимми Картери мадæ уотæ загъта: «Айдагъдæр зæрæндтæн агъаз кæнуни фарс дæн, уомæн æма мæхуæдæг дæр ескæд базæронд уодзæнæн…»**

Аци силгоймаги загъд хъæбæр æставд дамугъатæй ниффинсун гъæуй Федераций Совети æма Паддзахадон Думи тæккæ уиндгундæр рауæни, кæдимайди ба сенатортæ æма депутаттæ балæдæриуонцæ нæ хъиамæтгун хестæрти тухстдзийнæдтæ æма син исаразиуонцæ аккаг цардиуаги уавæртæ. Уогæ секкаг æй, еци загъд сæмæ багъардзæнæй – айдагъ сæхе зæруай нæ, фал сæ цæуæти цалдæр фæлтæрей фагæ дæр æрримæхсæнтæ кодтонцæ мулкитæй…



**Мэрион ПИРСОН, канадæйаг æхсæни косæг: «Æ гъуддæгутæ хуарз кæмæн цæунцæ, алли уæхæн нæлгоймаги фæсте дæр дессаги силгоймаг лæууй…»**

Æма, æцæгæйдæр, уотид хузæнон цъиндатæ балхæнун æ бон кæмæн нæ уидæ, еци силгоймагæн æ лæг «æхцагин» бунат ку райахæссуй, уæд æ уосæ уайтæккæдæр æрбабонгин уй: фæззиннуй ин миллионгай æфтуйæгтæ, галауантæ, мулкитæ фæсарæнти… Уæртæ Мæскуй раздæри мэр Юрий Лужковæн æ уосæ æнай-æнойти Уæрæсей тæккæ гъæздугдæр силгоймаг ку фестадæй, уæд уотæ загъта, гъома, мæн агъазæй си неци ес. Æруагæс уи кæнуй?.. Махæй нæ…



**Людмилæ НАРУСОВА, сенатор, – еугæйттæй пикетти туххæй: «Уой ку фæууинун, æма тæккæ Федераций Совети къæпхæнтæбæл цидæр æнæхæдзаронти хузæн адæймæгутæ сæ æнæлæдæрд доманти хæццæ ку фæллæуунцæ – хъæбæр мæстаг фæууй...»**

Еуемæй, сенатор Нарусовай хузæн дарæстæ нæ даруй, етæ еугæйттæй пикетти некæд æрлæудзæнæнцæ, уомæн æма етæ «дзенетон» цардæй цæрунцæ. Иннемæй, сенаторæн æхе кизгæ Ксения Собчак ахъелæн æмбурдти ке фæййархайуй, гириззаг дарæсти ке фæззиннуй къæсибадæг мадзæлтти, уомæ гæсгæ ба уомæн, æвæдзи, лæугæ 'й æррадони дзатмабæл… Еузагъдæй, мæгур æнæхæдзаронтæбæл илгъ кæнуни бæсти бал æхемæ дæр æма æ кизги миутæмæ дæр æркæсæд.

**Зундгонд ахургонд, гъæууонхæдзарадон наукити доктор, Цæгат Иристони наукæ æма техники æскъуæлхт архайæг Тезити Хъамболати фурт Тотурбеги райгурдбæл 8 мартъий исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1931-2016).**

***Зундгонд уруссаг финсæг Валентин РАСПУТИН (1937-2015) финста: «Мах еудадзуг дзорæн культури туххæй. Ци уавæри æй е нуриккон Уæрæсейи? Æрæги бакастæн Тихон Хренникови дзурдтæ, загъта сæ æ рамæлæтæй минкъий раздæр: «Культурæ нæййес – уæд паддзахадæ дæр нæййес. Культурæ ес – уæд паддзахадæ дæр ес».***



ЦОРИОНТИ Резван хъæбæр разæнгардæй архайдта фæллойнадон, ахурадон, æфсæддон æма æндæр коллективти хæццæ исфæлдистадон фембæлдтити.

# Æ УОДÆЙ АРТ ФÆЦЦАГЪТА



**КОЛИТИ Витали,**
**Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг**

ЦАРДИ медæгæ некæд нецæмæ æма некæмæ хицæ кодтон. Нæдæр гъæздугдзийнадæ, нæдæр мулкитæ æма хуæдтолгитæ мæмæ нимади дæр некæд адтæнцæ, нæдæр ба – хуæрзеугутæ. Нуртæккæ ни еуæй-еуетæ сæ бунæттæн куд тæрсунцæ æма сæхе, оххай, ести мæ ку багъигæ дара, зæгъгæ, уæхæн бунатбæлмард адæмæй дæр цæрæнбонти мæ уодхæссæг уидтон æма уинун. Æз айдагъдæр хицæ кодтон, уæлæбæл рæстзæрдæй ка фæццардæй, æ фæсмæрдæ ба æ ном кæдзос æма ирдæй ка ниуувадзуй, уонæмæ. Æма уæхæн адæймæгутæй ба еу адтæй, Иристони фарнæ æма културæ цæмæй еудадзугдæр бæрзонддæр къæпхæнмæ хеза, уобæл æ уод ка фæгъгъардта, еци Цорионти Резван дæр.

Цорионти Резвани хæццæ æз базонгæ дæн, Æхсæрисæри астæуккаг скъолай æстæймаг къласи ма ку ахур кодтон, уæд æма уæдæй ба сауæнгæ æ рамæлæти уæнгæ кæрæдземæй нæбал раргæстан. Резванæн æ цардæмбал Эммæ Тауитони хæццæ æмхуæрифурттæ ан æма е Резванæн ку балæдæрун кодта, æз æмдзæвгитæ финсун фæлварун, уой, уæд мæ уæгъдæ нæбал исуагъта æ цæстдардæй. Мæ бон зæгъун æй, хестæр æнсувæреуæг мин фæккодта цардæмдæргъци.

Резван ци адтæй, уомæй адтæй хорæн æ тæккæ ирддæр тунтæй фæлуст адæймаг. Уой зæрдирахасти хæццæ зинтæй ес еске рабæрæн. Æма ин кæд æхецæн æ царди, уæдта е ‘сфæлдистадон размæцуди дзæвгарæ цæлхдортæ æвардтонцæ беретæ, уæддæр æзнаги цæстæй некæд некæмæ ракастæй. Хуцау син батæрегъæд кæнæд, сæ зунд фулдæр нæ ахæссуй, зæгъгæ, гиризмæ рахатидæ æ дзубанди. Æма æ зæрдирахаст куд фæлмæн адтæй, уотæ зæрдæмæдзæугæ адтæнцæ æ музыкалон уадзимистæ дæр.

Резван ци исаразта музыкалон аййевади, ци берæ хуæрзти ин бацудæй, уонæн зинтæй ес æмбæлгæ аргъ искæнæн. Æз музыкæртасæг нæ дæн, фал хуарз мелоди лæгъузæй рартасун ба мæ бон æй.

Æнæгъæнæ 700 музыкалон уадзимисемæй фулдæр ин бантæстæй исфæлдесун.

Цума Иристони ка нæ фегъуста, Резван музыкæ кæбæл исаразта, еци зартæ: «Барæджы зарæг», «Гагкайты Алиханы зарæг», «Хъантемыраты Алыбеджы зарæг», «Гасанты æфсымæрты зарæг» æма ма берæ æндæртæ. Етæ раги нимад æрцудæнцæ адæмон зартæбæл, кæд сæ бæлвурд поэттæ ниффинстонцæ, уæддæр. Уогæ дæлдæр нæ лæуунцæ Резвани иннæ музыкалон уадзимистæ дæр. Резван адтæй берæвæрсуг искурдиади хецау. Æмхузон хуарз ин æнтæстæй алли жанрти косун дæр. Уомæн æвдесæн æнцæ: «Авдæны зарæг», «Кадæг Ирыл» – оратори, музыкалон театри æнтæстгинæй æвæрд æрцудæнцæ Резвани музыкалон пьеситæ: «Дзеноккайы митæ», «Зарæг аскъуыд æрдæгыл» – либретто. Ирон композиторти ‘хсæн фиццаг Резван ниффинста ирон оперæ-балет «Уарзæтты фæз» – либреттой автор Хæмицати Цæрай. Устур бунат ахæссуй Резвани исфæлдистади «Концерт труба æма оркестрæн».

Резванмæ ци ирон киунугути библиотекæ адтæй, уомæ æнгъизтæй бахицæ кæнун. Нæ маддæлон æвзагбæл финст æмдзæвгити еунæг æмбурдгондбæл дæр нæ райеуварс кæнидæ æнæ балхæнгæ.

Резван устур домæнтæ æвардта æхемæ, уæдта, ци авторти хæццæ косидæ, уонæмæ дæр. Æз уомæн мæхуæдæг хуарз æвдесæн адтæн. Евгъуд æноси 90-аг æнзти райдайæни еумæ финстан озреккаг Хъæбæлоти цуппар æнсувæрей зар. Мæ бон банимайун дæр нæй, цал варианти мин искæнун кодта, уой. Еунæг еци хатт исхаудтæй мæ цъухæй: «Резван, бафæлладтæн ди». Уой фæсте ибæл берæ фæхходианæ.

Резван циуавæр уоди хецау адтæй, уомæн æрхæсдзæнæн еуцалдæр æвдесæни. Нæхе университети ахур кæнгæй, 1977-1981 æнзти мах, цалдæр æригон студентти: Хохойти Энвер, Тахъазти Валерий, Догъузти Тенгиз æма æз еу уати цардан æмдзæрæни. Студент куд æнæбон, æнæ æхца фæууй, уотемæйти мах дæр уотæхстан. Цалдæр хатти нæмæ Резван æмдзæрæни нæ уатмæ фæммедæг уидæ æма æхуæдæг скъæппити дуæрттæ фегон кæнидæ:

– Биццеутæ, гъа-уайтæ, ци уæмæ ес?

Ци нæмæ гъæуама адтайдæ – неци.

– Мадта уæхе рарæвдзæ кæнайтæ, æз уæ бунæй бахездзæнæн… Уотемæй нæ æмдзæрæни бакомкоммæ кафемæ бахонидæ, фæххинцидæ нæ, уæдта ма нин фæйнæ тумани ба нæ дзиппити ницъцæвидæ.

Мах нæ фурæфсæрмийæй мæлгæ кæнианæ, нæ гъæуй, зæгъгæ.

– Биццеутæ, æз сумахæй раздæр бавзурстон студенти мæгурбæнттæ…

Æма, æцæгæйдæр Резван тухгъомбæл иссæй. Æ фидæ Хъаурбег тугъди будури байзадæй æма æ мадæ Зулехани усхъитæбæл æрæнцадæй сабийтæ гъомбæл кæнуни ихæс. Æз хуарз зудтон Зулехани. Æвæдзи, Резван æ зæрди фæлмæндзийнадæ дæр Зулеханæй рахаста. Еци силгоймаг æнæ ходгæй дзорун дæр нæ зудта, рæдау æма бæркадкъох. Æма имæ кæд ахургонддзийнадæ неци адтæй, уæддæр æй цард уотæ исфæлтæрдта, æма æ курухондзийнадæ беретæн бафæнзуйнаг адтæй.

Иннæ цау ба ма уотæ адтæй. Евгъуд æноси 90-аг æзмæнст æнзти нецибал адтæй иссерæн арæзтадон æрмæгæй. Раст тæккæ еци рæстæг ба Резвани бийнойнаг сæ фатер цалцæг кæнунвæндæ искодта. Кæмидæр кедæр фæрци тухтæ-амæлттæй фондз голлаги цемент исмадзал кодта Эммæ. Еу бон дин нæ фингутæй кадæр мæ къæбинети бадуй. Уæдмæ Резван дæр дуарæй æрбахизтæй æма дзубанди цалцæггæнæн кустити туххæй рацудæй. Финсæг гъаст кодта, гъома, хæдзари мæмæ цидæр куститæ ес, фал цементбæл ба нæ хуæст кæнун, зæгъгæ. Резвани цума æсхуайгæ еске фæккодта, уой гæпп фæккодта:

– Цæбæл гузавæ кæнис, мæнмæ ес цемент, цæуæнай нæхемæ.

Цубурдзурдæй, финсæги гъæуагæдзийнадæ банхæст кодта, сæхуæдтæ ба æнæ цементæй байзадæнцæ.

Цæйбæрцæбæл зæрдхæлар адтæй, уомæн ма еума æвдесæн дæр æрхæсдзæнæн.

Изæригон сæхердæмæ цæугæй, исæмбалдæй сæ гъæуккаг, æ рагон зонгæбæл. Кæрæдзей догтæ-дзамæнттæ нæбал фæууидтонцæ æма ‘й Резван сæхемæ бахудта. Фингæбæл рæстæг тагъддæр евгъуйагæ фæууй æма сæбæл бустæги æнафонæ æрцæй. Кумæ ма гъæуама фæццудайдæ иуазæг еци афони æма ин Эммæ Резвани æ косæн къæбинети ниууат кодта.

Сæумæй ба силгоймаг рагигомау фестадæй æма цæлгæнæнмæ цæугæй, æрæстæфтæй, – сæ фатермæ æрбацæуæн дуар зихъирт игон.

А ба ци дессаг æй, зæгъгæ, иуазæг кæми хустæй, уой дуар фегон кодта, æма дин е уоми нæбал… Куд рабæрæг æй, уотемæй сæ иуазæг разиндтæй давæг лæг, ахæстдонæй æрæги ка исуæгъдæ ‘й, уæхæн, æма сæмæ хъазар дзаумауæй, хрусталæй цидæр адтæй, уони син Резванæн æхе устур пъартфели ниццурхта æма сæ рафардæг кодта.

Эммæ хъæбæр исмæстгун æй, рагъавта милицæмæ курдиадæ ниффинсунмæ, фал æй Резван æруорæдта:

– Сапархан (æ цардæмбали уотæ хонидæ), нихххатир ин кæнæ, е, æвæдзи, махæй тухстдæр уавæри адтæй.

Берæ, хъæбæр берæ имисуйнæгтæ æрæфтуйуй адæймаги зæрди, фал лæг ку рагъуди кæнуй, – гæрр, мадта, Резван дæр нæбал æй, зæгъгæ, уæдта мæ медуод барезун, уомæн æма е æвгъау адтæй мæрдтæмæ уотæ раги бацæунæн…

Гъулæг мин æй, абони уæнгæ Резван ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл æ мемориалон фæйнæг ке нæма ес, е.

Резвани фæсмæрдæ ниффинстон номерæни æмдзæвгæ æма уин æй уæ размæ хæссун нæуæгæй. Мухургонд ба æрцудæй мæ киунугæ «Сæхоли»…





ЦОРИОНТИ Резван ӕма ӕ цардӕмбал Эммӕ сӕ кизгӕ Диани хӕццӕ.

# ЦАЛИНМӔ ИРӔФИ ДОН ИВУЛА...

***Адӕймаги уодиконд ӕма ӕ зӕрдихатт ӕ цардӕмбалӕй хуӕздӕр ӕма бӕлвурддӕр неке зондзӕнӕй. Ӕма уомӕ гӕсгӕ Цорионти Резвани туххӕй ӕрмӕгути хӕццӕ мухур кӕнӕн ӕ биинойнаг Цорионти-Тауитти Эмми (Тауитти Михаили кизгӕ) имисуйнӕгтӕ – кӕрӕдзей лӕдӕргӕй ӕма нимайгӕй фӕццардӕнцӕ, Хуцау син ци рӕстӕг исаккаг кодта еумӕйаг цардӕн, кӕрӕдземӕн нифсдӕттӕг ӕма разӕнгардгӕнӕг уогӕй, уой.***

Мӕнмӕ уотӕ кӕсуй, ӕма цалинмӕ дуйнебӕл хор кӕса, Ирӕфи ба дон цӕуа, уӕдмӕ нӕ дзилли зӕрдити цӕрдзӕнӕй Цорионти Резвани ном.

Композитор Цорионти Резвани ном Иристони ка нӕ фегъуста, уӕхӕн адӕймаг, ӕвӕдзи, зин иссерӕн ӕй. Резвани кой ахид игъусуй нур дӕр ма, уӕдта игъусгӕ дӕр кӕндзӕнӕй радиойӕй, телеуинунадӕй, клубтӕ ӕма аййевадон галауанти ци концерттӕ фӕууй, уонӕмити дӕр.

Цорионти Резвани ӕрдзӕ ӕнӕ хай нӕ фӕккодта устур лӕварӕй ӕма си исаразта, никкӕлӕн кенӕ фехӕлӕн кӕмӕн нӕййес, уӕхӕн федар галауантӕ.

Резван адтӕй, размӕ ӕ нисанмӕ ӕнӕфӕккеугӕй ка цудӕй, уӕхӕн адӕймаг. Алли гъуддаг дӕр кодта зӕрдибунӕй, ӕвӕстеуатӕй. Исонмӕ ӕнгъуд кӕнун нӕ уарзта, цард цӕрунмӕ 'й, зӕгъгӕ, зӕгъидӕ, адӕймагӕн ба ӕ цард ӕхецӕй аразгӕ 'й. Резван адтӕй нифсхаст, игъӕлдзӕг, цӕстуарзон, уадзимисгӕ. Кӕми фӕззиннидӕ, урдӕмӕ ӕ хӕццӕ ӕрбахӕссидӕ цидӕр дессаги игъӕлдзӕгдзийнадӕ, райдзастдзийнадӕ ӕма цӕстуарзондзийнадӕ.

Адӕймагмӕ, дан, уарзонддзийнадӕ ку цӕуа, уӕд имӕ ӕрцӕуй фиццаг фӕууинди, цума адӕймаг пеллон арт искалуй ӕма ин ӕ царди кӕронмӕ дӕр ниххуссунгӕнӕн нӕбал фӕууй.

Гъе, уотӕ нин нӕ цард Хуцау байеу кодта ӕртӕ бонемӕ ӕма си арфиаг дӕн ӕз дӕр. Мах нӕ царди гъенцъун кӕнунмӕ некӕд евдалдӕй, алли сахат дӕр ести дзубандиаг райеридӕ. Хатгай нӕбӕл естӕбӕл дзоргӕй ӕрсӕумӕ уидӕ.

Ӕвӕдзи, айдагъдӕр уӕхӕн эмоционалон уоди хецӕутти бон ӕй ӕцӕг ӕма тухгин уадзимистӕ ниффинсун, кӕцити еу хатт ку фегъосай, уӕд дин дӕ зӕрди арф фӕд ниууадздзӕнӕнцӕ, нӕбал сӕ феронх кӕндзӕнӕ.

Мӕ бон зӕгъун ӕй, мах Резвани хӕццӕ еумӕ ахид кустан, зӕгъгӕ. Куд музыкант ӕма филолог, уотӕ мӕ бон уидӕ ести феппайуйнӕгтӕ зӕгъун ӕ нӕуӕг ниффинст уадзимисти фӕдбӕл.

Ахид уидӕ уотӕ, ӕхсӕвӕ адӕм сӕ тар фунтӕй сӕ хай есиуонцӕ, Резван ба бадидӕ ӕма косидӕ. Еуафони ба мӕ райгъал кӕнидӕ: рацӕуай, байгъосӕ. Райистинӕ ӕнӕсдзоргӕй, ӕнӕ хъур-хъурӕй, байгъосинӕ. Мӕ загъдӕн мин алкӕддӕр кӕнидӕ аргъ. Уотӕ дӕр уидӕ, ӕма музыкӕ ци текстбӕл финст цӕуидӕ, уой рӕнгъитӕ, куд ӕнгъизтӕй, ӕнхӕст уотӕ не 'ййафиуонцӕ, нӕ бадиуонцӕ ритми ӕма сӕбӕл дууемӕй райдайанӕ косун, хатгай ба нӕ багъӕуидӕ ӕнӕгъӕнӕ скъуддзӕгтӕ бафтаун дӕр.

Мӕ зӕрдӕмӕ ци нӕ бацӕуидӕ, уой дӕр ин ӕргомӕй зӕгъинӕ.

Гъуди ма 'й кӕнун, Резван ӕ концерт «Для трубы с оркестром» ниффинста сахар Ивanови композиторти хӕдзари. Е устур дессаг адтӕй, хуӕруйнаг ин хастон ӕ косӕнуатмӕ, уӕлдӕфмӕ дӕр нӕ цудӕй. Сутки хустӕй ӕдеугурӕй дууӕ сахатти, иннӕ дууӕ ӕма инсӕй сахатти ба косгӕ кодта. Уойбӕрцӕбӕл хъаурӕ кӕцӕй иста уогӕ? Мӕнмӕ гӕсгӕ, уотӕ лӕдӕргӕ 'й: адӕймаг ести ку исфӕлдесуй, уӕд ӕ фурцийнӕй (творческое наслаждение) фӕллад ци 'й, уой нӕбал фӕллӕдӕруй.

Ӕрдзӕ ин фӕддӕттуй ӕнӕуагӕ берӕ тухӕ, ӕндӕра ӕнӕ уой хумӕтӕги адӕймаги бон уотӕ нӕ бауодзӕнӕй. Зундгонд мӕскуйаг композитор Владимир Кривцов мӕ еу хатт уотӕ бафарста:

– Скажите, пожалуйста, когда ваш муж отдыхает. Днем работает, вечером работает, ночью работает, когда же он спит?..

Уӕлдӕр ӕй ку загътон, адӕймагӕн ӕргъудидзийнадӕ дӕр ӕма хъаурӕ дӕр ӕрдзӕ дӕттуй, зӕгъгӕ. Мӕ зӕрдӕбӕл ма ӕрлӕудтӕй еу хабар нӕ еумӕйаг цардӕй. Еухатт мӕмӕ ӕмбесӕхсӕви дзоруй Резван, цӕуӕнай Хуӕнхон-металлургон институти стадиони рацо-бацо ракӕнӕн уӕлдӕфмӕ, зӕгъгӕ. Уӕд еумӕ берӕ нӕма рацардан ӕма ин е 'нахур гъуддӕгутӕ дзӕбӕх нӕма зудтон, уой дӕр ӕма композитортӕ ӕма фингутӕмӕ ӕндӕр цидӕр, махӕн зин лӕдӕрӕн менеугутӕ ке фӕууй, уой. Сабургай цӕуӕн дзубандитӕгӕнгӕ. Нӕ алфамбулай ӕгириддӕр неке. Адӕм сӕ тар фунӕййи адтӕнцӕ. Резван ба ӕрдзӕ берӕ уарзта. Бӕлӕстӕ, цъеутӕ, деденгутӕ – алцӕбӕлдӕр цӕмӕдесӕй цийнӕ кӕнидӕ. Адтӕй мӕйрохс ӕхсӕвӕ. Мӕйи алливарс рӕсугъд мегътӕ тумбултӕй рарӕнгъӕ 'нцӕ. Кӕсӕн хердмӕ ӕма дес кӕнӕн, ӕрдзӕ ӕ рӕсугъддзийнадӕй куд тухгин ӕй, уобӕл.

Уӕд дин кӕсун ӕма Резван ӕнӕ неци исдзоргӕй тагъдтагъдӕй фӕууайуй нӕхемӕ. (Уӕд Пожарскийи гъӕунги цардан). Мӕ фурдессагӕй еу усмӕ лӕугӕ райзадтӕн, нецихузи мӕ некӕд ниууагътайдӕ еунӕгӕй стадиони астӕу, никки ба ма ӕмбесӕхсӕви. Фӕууайун ӕ фӕсте, ӕма цалинмӕ нӕхемӕ хъӕрдтӕн, уӕдмӕ е ба пианинобӕл ӕрбадтӕй ӕма гъӕйттӕй цӕгъдуй бустӕги ӕнӕзонгӕ мелоди.

Бахизтон, цалинмӕ фӕцӕй, уӕдмӕ, уӕдта 'й бафарстон: «Уӕд е ци дессаг ӕй, куд мӕ ниуагътай ӕмбесӕхсӕви еунӕгӕй стадиони астӕу. Ӕма мин куд балӕдӕрун кодта, уотемӕй, дан, фегъуста оркестри цагъд. – Уанӕбӕрӕг ӕй кӕми фегъустай, уой дӕр ма мин, зӕгъун, ку зӕгъисӕ! – Уӕлӕ, дан, мӕйӕбӕл!»

Нур ӕз амӕй ци байагорон, зӕгъгӕ, загътон мӕхецӕн ӕма имӕ нецибал исдзурдтон. Уой фӕсте ба мӕхецӕн берӕ фӕссагъӕс кӕнинӕ, ӕз дӕр музыкант ку дӕн, ӕз дӕр ӕ фарсмӕ ку лӕудтӕн ӕма ӕз ку неци фегъустон...

Композиторӕн ӕ музыкӕ адӕмон ку исуй, уӕд ма уомӕй устурдӕр кадӕ куд фӕууй.

Уой туххӕй дӕр ӕримисдзӕнӕн еу цау.

Ӕнӕгъӕнӕ Иристони дӕр игъустгонд ӕй Гагкайти Алихани зар. Ӕ дзурдтӕ ин ниффинста Дзасохти Музафер, музыкӕ ба Резван. Уӕд дин еухатт бадтан концерти. Амонӕг рацудӕй ӕма загъта: «Гагкайти Алихани зар. Адӕмон музыкӕ, Дзасохти Музафери дзурдтӕ». Резван арф ниуулӕфтӕй ӕма загъта: «Гъенур ми баруагӕс ӕй, дзӕгъӕли ке нӕ ниффинстон, е...»

1997 анз 21 февраль. Е 'носон дуйнемӕ рандӕ 'й Резван. Иристонӕй фӕгъгъудӕй тухгин искурдиадӕгин адӕймаг. Ӕма аййевади уомӕн ци нӕ бантӕстӕй, е ӕ фӕсте ци кӕстӕр фӕлтӕр ниууагъта, уонӕн бантӕсӕд, цӕмӕй нӕ Иристони кадӕ бӕрзондӕй-бӕрзонддӕр кӕна. Уомӕ бӕлдтӕй Резван, е адтӕй ӕ царди нисан.



ЦОРИОНТИ Резван (астӕуӕй) Дзӕуӕгигъӕуи ӕфсӕддон училищей исфӕлдистадон фембӕлди рӕстӕг. Галеуӕрдигӕй – оперон зартӕгӕнӕг Тауитти Анатолий (гъулӕггагӕн, е дӕр абони цардӕгас нӕбал ӕй…)

*Нæ республики адæмон исфæлдистади хæдзарæ Металлургти Культури галауани фойейи байгон æй Иристони æрмдæснитæ, куклатæ æма æндæр æрмдæсниади хузти сæ аййевадон искурдиадæ кæми æвдесунцæ, уони кустити равдист «Силгоймаги уод». Куклатæ уæлдай ма си фæууинæн адтæй аллихузон æрмæгутæй конд дзаумæуттæ.*



ЦОРИОНТИ Резван (рахесæрдигæй) музыкалон фестивали рæстæг. Микрофони рази – зундгонд советон композитор Никитæ БОГОСЛОВСКИЙ.

# ЦАРДИ НИВÆ УÆЛМОНЦ ЗÆЛТÆЙ ФЕДАУЦÆ КОДТА



**МАХЪОТИ Ацæмæз,**
Цæгат Иристони композиторти Цæдеси сæрдар

## ХОРÆФСЕС МУЗЫКÆ

Цорионти Хъаурбеги фурт Резван XX æноси ирон профессионалон музыки классик, рохсзæрдæ адæймаг, дæсни ахургæнæг, дессаги зæрдхæлар æмбал, кунæггаг уæлтæмæнадæй хайгин музыкант æма композитор. Æ музыкæ æнæгъæнæй дæр æй хорæфсес, æ цубур цард еугурæй дæр равардта æ уарзон адæмæн æма æ аййевади сæрбæлтау.

Цорионти Резвани уарзонцæ еугурæйдæр – е 'мкосгутæ, æ гъомбæлгæнуйнæгтæ, синхонтæ, хумæтæг адæм. Æхуæдæг дæр уарзта еугурей дæр æма æ еци уарзти нæ уидта соцъагæнгути, ка 'й нæ уарзта, еци ефстаг адæймæгути.

Æ къохи берæ бафтудæй. Кæд æма 'й цард берæ цæлхдорти, æ къурцдзæвæнти багæлдзидæ, уæддæр ин Хуцау е равардта, еци уæлтæмæнадæ исæнхæст кодта. Æ финст музыкæ аккаг бунат байахæста нæ фидибæстон музыкалон историй.

Мæнæн Цорионти Резвани хæццæ уæлдай æнгомдæр бастдзийнæдтæ адтæй. Дардта мæмæ æхе фурти хузæн цæстингас. Агъаз мин кодта аллихузи дæр – царди дæр, исфæлдистади дæр.

Фæндуй мæ дууæ дæнци æрхæссун æма етæ фæййагъаз уодзæнæнцæ Резвани адæймагдзийнадæ æма искурдиадæ хæстæгдæр базонунæн.

Еревани Комитаси номбæл паддзахадон консерваторий музейи XIX-XX æноси сомехаг композиторти 'хсæн ес Резвани музыкалон уадзимис дæр. Сомехи æй куд уарзтонцæ æма ин ци кадæ кодтонцæ, уой туххæй дæр зæгъдзæнæн. 1981 анзи, Ленингради консерваторий фортепиани факультет каст фæуоугæй мæ Резван фæххудта Еревани консерваторимæ. Е, мæ мадæ æма æз бацудан ректормæ æнгъæлмæкæсæн уатмæ (ректори къæбинети цудæй ахургæндти совет). Секретарь телефонæй бадзурдта, мæнæ, дан, дæмæ Иристонæй Цорионтæй кадæр æнгъæлмæ кæсуй, зæгъгæ. Иннæ усми дуар байгон æй æма ректори къæбинетæй рахизтæнцæ ССР Цæдеси авд адæмон артисти, авд номдзуд композитори: Э. Мирзоян, Л. Сарьян, А. Арутюнян, Э. Оганесян, Г. Егиазарян, А. Тер-Татевосян, Э. Амирханян æма етæ хъæбæр зæрдтагонæй сæ уарзон ахургæнуйнаг Резвани хъуритæ кæнун райдæдтонцæ, фурцийнæй ма ин ци ракодтайуонцæ, уой нæбал зудтонцæ. Æ цуди сæр ку базудтонцæ, мæн ку фæууидтонцæ, уæд æмхузонæй загътонцæ, кæд Резвани уотæ фæндуй, кæд ибæл е æууæндуй, уæд мах уæлдай нецибал зæгъæн. Уотемæй æнæ фæлварæнтæ ратгæй мæ райстонцæ консерваторимæ æма си ахур кæнун райдæдтон композиторти факультети. Еревани ахур кæнгæй, алкæддæр мæхебæл æвзурстон ахургæнгути ауодундзийнадæ, уæдта ма ми баруагæс æй, Резванæн ци устур аргъ кодтонцæ, е.

Аци анз Резванбæл исæнхæст адтайдæ фондз æма цуппаринсæй анзи. Мæ ихæс, Иристони дзилли ихæс дæр æй Цорионти Резвани рохс ном исерун, цæмæй бабæй адæймаг нæуæгæй ранигъула æ хорæфсес музыки изæлти, цæмæй цæстити рази исиста е 'нæферонхгæнгæ сорæт, е 'стур уарзæгой зæрдæ.



**НАСОНОВ Игорь,**
Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг

## ЦÆРДЗÆНÆЙ МÆ ЗÆРДИ

Цорионти Резвани хæццæ базонгæ дæн 1971 анзи. Уæд цудæй патриотон зари республикон конкурс. Резван ба адтæй жюрий сæрдар. Мæ зар «Ветерантæ» Гуржибеги Ирини дзурдтæбæл конкурси байахæста æртиккаг бунат. Мæ къох мин райста, дессаги зæрдæлхæнæн дзурдтæ мин загъта, ци адтæй, дæс уойбæрци ба ма бафтудта мæ зари туххæй æма уæдæй фæстæмæ бонгай, мæйгай, анзгай нæ хæлардзийнадæ федардæр кодта, куд фæззæгъунцæ, сугъзæрийнæ базуртæ иразтæй.

Ахид æмбалдан æма мæ сабургæй музыкæ финсуни 'рдæмæ æздахта, амудта мин æ сосæгдзийнæдтæ. Уæд æз каст фæдтæн медицинон институт, кустон дохтир-кардиологæй, федарæй æууæндтæн уобæл, æма мæ царди мæ над иссирдтон æма ибæл кæрæй-кæронмæ цæудзæнæн.

Фал мин цубур рæстæгмæ Резван мæ фæндитæ иннердæмæ низзилдта. Уой фæндонмæ гæсгæ бацудтæн Гергити Валерийи номбæл музыкалон училищемæ. Уой каст ку фæдтæн, уæдта мин æндæр фæндæ искодта æма Ростови Рахманови номбæл консерваторий ахур кæнун райдæдтон. Сувæллони хузæн цийнæ кодта мæ музыкалон уадзимистæбæл, уæлдай хъæбæрдæр ба æ зæрдæмæ цудæй композиц. Дзæуæгигъæуи аййевæдти училищей косун ку райдæдтон, уæд разамунд лæвардтон композиций къласæн. Уæхæн къуар байгон кодтон Дзæуæгигъæуи Чайковскийи номбæл фиццаг музыкалон училищей дæр, æ директор Къаргиати Фатими фæрци.

Зæгъун мæ фæндуй еу гъуддаги туххæй дæр. Консерватори каст ку фæдтæн, уæд мæ Резван исразæнгард кодта аспирантурæмæ бацæунмæ, цæмæй композиций сосæгдзийнæдтæ хуæздæр базонон, уобæл æхе гъардта.

Æз мæхе нимайун Резвани ахургæнуйнагбæл. Æма е мæнæн мæ царди куд агъаз кодта, уотæ æз дæр абони агъаз кæнун мæ кæстæртæн. Зæгъæн, мæ ахургæнуйнаг Коцти Иринæ. Фарæ республики композиций туххæй ци конкурс адтæй, уоми нæ гъомбæлкæнуйнæгтæ Гæлуати Алинæ, Юля Цисс æма Мамитти Кристинæ байахæстонцæ æртæ раззаг бунати, мæ иннæ ахургæнуйнаг Берозти Таймуразмæ Хонсар Федералон зилди конкурси æрхаудтæй 3-аг бунат. Еузагъдæй, Резван мæ цæбæл ахур кодта, ци зонундзийнæдтæ си райстон, уони амонун нæ иннæ фæлтæрæн, кæстæртæн.

Резван мæ исахур кодта рæстзæрдæ унбæл, адæммæ хæлар цæстингас дарунбæл, мæ финст уадзимистæмæ критикон цæстингас дарун. Цалинмæ цæрон, уæдмæ ин æ рохс сорæт хæсдзæнæн мæ зæрди.



**Павел ПАНАСЯН,**
(1935-2019)
дирижер, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг

## ИСКУРДИАДÆ ÆМА ЛÆГДЗИЙНАДÆ

Цорионти Резвани хæццæ æз базонгæ дæн евгъуд æноси 50-аг æнзти. Абони хузæн ма 'й гъуди кæнун, Орджоникидзей (уæд нæ республики сæйраг сахар уотæ хундтæй. - *Ред.*) музыкалон училищемæ Лескени гъæуæй æригон биццеу куд иссудæй ахур кæнунмæ, уой. Иннетæй игъаугидæр, Резванмæ нæ адтæй уæддæр еуцæйбæрцæдæр музыкалон цæттæдзийнадæ, æма зундгонд композитор ку иссæй, уæд гиризгæнгæй æхуæдæг уотæ зæгъидæ: «Мæ дуйнебæл пианино фиццаг хатт фæууидтон, æстдæс анзи мæбæл ку цудæй, уæд».

Музыкалон æгъдауæй Резван æрдзæй искурдиадæ рахаста. Æма ин е устур агъаз кодта æ ахури рæстæги. Училищей фæсте æнтæстгинæй каст фæцæй Еревани консерваторий композиций хайадæ.

Тæккæ фиццаг Резвани хæццæ ку базонгæ дæн, уæд мæ деси бафтудта æ кустуарзондзийнадæ, ести нæуæгдзийнæдтæмæ тундзундзийнадæ. Музыкалон аййевади къæбæзти кæми нæ баскъуæлхтæй – оперæ æма балетæй райдайæ æма сувæллæнттæн инструменталон пьеситæ финсуни уæнгæ. Берæ æнзти дæргъи фæццардан хæларæй æма мæ бон зæгъун æй, Резван æ цæргæ-цæрæнбонти æ ахур кæнун некæд нииуагъта æма еудадзугдæр деси æфтудта е 'мкосгути æ нæуæгдзийнæдтæй.

Е 'сфæлдистади сæйрагдæр менеугутæй, мæнмæ гæсгæ, еу адтæй е, æма Резван «ахургонд», «къæбинети композитор» некæд адтæй. Еудадзугдæр куста цæгъдгути, музыкалон коллективти хæццæ. Уомæй ба куста еци æмхузон куд профессионалон, уотæ хуæдахур къуæртти хæццæ дæр. Кæддæриддæр батухсидæ уони ахсгиаг фарстатæ лух кæнунбæл, архайдта æ бон ци адтæй, уомæй. Ахид цудæй, ку багъæуидæ, уæд хецаудзийнади бæрзонд бунæтти бадæг лæгтæмæ дæр, курдта, домдта, агурдта.

Резван хъæбæр хуарз зудта ирон национ музыкæ. Хуарз зудта ирон адæмон зартæ, уарзта сæ. Исаразта адæмон зартæгæнгути къуар «Чепена», æхе бæдоли хузæн ибæл ауодудта, æ размæ ци берæ цæлхдортæ исæвзуридæ, уони æнсæндгæй.

Куд композитор æма музыкалон-æхсæнадон архайæг, уотæ федар баст адтæй адæми хæццæ. Аци дзубандитæ æз дзурди рæсугъдæн нæ кæнун. Мæн ахид багъæуидæ Резвани хæццæ республики районтæмæ цæун, композиторти Цæдеси ма ку куста, уæд, æма мæ кæддæриддæр деси æфтудта еу гъуддаг. Кæцифæнди гъæумæ ку бацæуианæ, уæддæр ибæл еугурæйдæр æмбалдæнцæ хеуони хузæн зæрдиагæй. Æ ном ин ка ну зудта, уæхæнттæ ефстæгтæ адтæй. Уæдта сæ æхуæдæг дæр зудта. Æ радзубандимæ ин кæддæриддæр игъустонцæ лæмбунæг, аргъ ин кодтонцæ.

Резван музыкалон театри ци цуппар уадзимиси ниввардта, уонæн еугуремæн дæр æз адтæн дирижер. Евгъуд æноси 70-аг æнзти æмбеси еунæг анзмæ Резвани уадзимистæй театри сценæбæл æвæрд æрцудæй æртæ: музыкалон драмæ «Прерванная песня», мюзикл «Трасса юности» æма опереттæ «Проделки Дзенокка». Етæ нæ республики сæйраг сахари, уæдта иннæ сахарти дæр æма гъæути дæр хъæбæр цудæнцæ адæми зæрдæмæ. Фал æ сæйрагдæр музыкалон-театралон премьерæ ба адтæй æ рамæлæтмæ хæстæг. Музыкалон театр исæвардта Резвани оперæ-балет «Уарзæнтти фæзæ» Хæмицати Цæрайи либреттомæ гæсгæ.

Нерæнгæ дæр ма е еци жанри, уæдта ирон музыкалон аййевади еунæг æма фиццаг æй.

Уæхæн адæймаг исуй айдагъ еугур биййнонти нæ, айдагъ муггаги нæ, фал адæми еузæрдиуон фурт дæр. Æма кæддæр Лескени сæрмæ арвбæл ци ирд стъалу иссугъдæй, уой рохс æрттевуй идардмæ, дзиллитæ æ рохсмæ сæхе тавунцæ, е 'сфæлдистади цæхæртæ сæ хонунцæ хуæздæр исонибонмæ, аййевадæ æ уоди бæрцæ ка уарзуй, еци фæсевæд ин ахур кæнунцæ æ музыкалон уадзимистæ, фæндагамонæг æма син ахургæнæг æй.

**Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони адæмон артист, номдзуд зартæгæнæг Баллати Давиди фурт Владимири райгурдбæл 14 мартъий æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1911-1995).**



# КАДÆГÆНÆГ ИССÆЙ Æ ФИДИУÆЗÆГÆН!..



**ЦОПАНТИ Валерий,**
Фæллойни ветеран

Абони мæ фæндуй, хестæртæй рагон царди хабæрттæй кæддæр ке фегъустон, уонæй еуей кой ракæнун. Ци цауи кой уин ракæнуйнаг дæн, е ‘рцудæй Уæллагкоми Къæмунти гъæуи XIX æноси райдайæнмæ хæстæг. Къæмунти адæм æрцардæнцæ бæрзонд хонхи фахсбæл ци лигъздæргомау зæнхи гæппæлтæ адтæй, уонæбæл. Хумзæнхитæ адтæнцæ гæзæмæ, фæндон равналæнтæ си нæ адтæй, гъæдæ идард фæсхонх Сарди коми. Уомæ гæсгæ адæм фулдæр пайда кодтонцæ сæнарæй, фонси фагус соргондæй. Ниуазуни дон дæр уотæ – далæ коми еу километрмæ хæстæг. Фæндондæр адтæнцæ хезнитæ æма игуæрдæнтæ. Уомæ гæсгæ цæргутæн сæ фулдæр архайд адтæй фонсдаруни фæдбæл.

Æз ке таурæхъ кæнунмæ гъавун – Цопантæ, етæ дæр куд иннæ муггæгтæ, уотæ хуæнхаг зин уавæрти кодтонцæ сæ цардиуаги хабæрттæ. Дардтонцæ берæ фонс, зæнхи куст дæр сæ равгитæмæ гæсгæ кодтонцæ. Еузагъдæй, хуæнхбæсти æрдзон уавæртæ куд амудтонцæ, уотæ сæ цардиуагæ аразтонцæ.

Уалдзæгæй æрæгвæззæги уæнгæ хускъаг ставд фонс дардтонцæ, Уорс хонхи рæбунтæ Долæгъи æфцæги фалдзостæ ци сæрдигон хезнитæ адтæй, уонæми. Фонс хизтæнцæ сæхе бæрагæ, фæндон, рæстæгæй-рæстæгмæ сæ рабæрæг кæниуонцæ.

Еу бон Цопантæй еу лæг, æ ном Болатихъо рандæй фонс бабæрæг кæнунмæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй стортæй цалдæр сæри фæгъгъудæй. Ци фæцæнцæ – билæй рахаудтæнцæ æви сæбæл сирди бæлах æрцудæй, кенæ ба... Еузагъдæй, уæддæр фонсбæл ци ‘рцудæй, уой исбæлвурд кæнуни зæрдтæй син сæ фæд агорун байдæдта. Фал сирди кенæ æрдзон бæлахи фудæй фæццидæр æнцæ, зæгъгæ, уомæн неци бæрæггæнæнтæ иссирдта. Æма си уæд баруагæс æй, фонси фесæфт адæймаги фудæй ке æй, кедæр амæттаг ке бацæнцæ, е. Æма кæд уотæ ‘й, уæд еци фудгæнгутæ еума хатт зиндзæнæнцæ ардæмæ, зæгъгæ, расагъæс кодта.

Гъе уотемæй Болатихъо æрæздахтæй сæхемæ, уайтæккæ æхе рарæвдзæ кодта æма цалдæр боней æмгъудæй рандæ ‘й, сæрдигон хезнитæ кæми адтæнцæ, еци хонхрæбунмæ, риндзи бадунмæ.

Æхецæн æрбунат кодта æхсæвеуатæй лæуунмæ. Цалдæр боней фæсте кæсуй, æма синхаг коми ‘рдигæй æртæ лæги хуæнхрæбунтæ фонс кæми хизтæнцæ, ецирдæмæ æрбацæуунцæ. Цопани-фурт æнгъæлмæ кæсуй, ци уодзæнæй идарддæр.

Давгутæ æркæститæ кодтонцæ, стортæй еу къуар фертастонцæ æма сæ фескъæрунцæ Уæллагири ‘рдæмæ. Болатихъо дæлæ-уæлæ нæбал фæккодта, фудгæнгути раз байахæста – айæ еунæгæй, етæ æртемæй, уæддæр сæмæ æ нифс бахаста. Етæ дæр, нецæбæл секк кæнгæй, æдасæй сæ цуди хабар кæнунцæ. Фал куд фæззæгъунцæ «сæ фун сæ фæссайдта». Ку фæббуцæу æнцæ, уæд сæ Болатихъо уæхæн цæфтæ никкодта æма дууемей исистун нæбал бафæразтонцæ, æртиккаг ба тухмадзæлттæй райервазтæй.

Болатихъо ин æ фæсте гъæр кодта:

– Цо æма де ‘мбæлтти гъуддаг бакæнæ!

Æхуæдæгка баздахтæй æма дууемæн сæ еугай гъостæ ралух кодта. Давгутæ фонсбæл нæбал адтæнцæ – тухмадзæлттæй сæ сæри кой кодтонцæ.

Болатихъо гъæумæ ‘рцудæй. Нихæси ци берæ адæм бадтæй, уонæн рахабæрттæ кодта, ци æма куд æрцудæй, уой. Æвдесæндарæн ба дууæ лæгей гъостæ æрæвардта.

Еци гъуддагмæ гъæубæстæ еухузон цæстæй нæ ракастæнцæ. Еуетæ загътонцæ: «Хъæбæр раст син бакодта, цæмæн давунцæ еске хъиамæт». Фал берети зæрдæмæ ба уæхæн æгъатир миуæ раст нæ фæккастæй. Уæхæн цæфтæ сæ никкодта, æрдæгмарди уæнгæ, æма син е фагæ адтæй.

Рæстæгутæ рацудæй. Еуæхæни Цопанти Болатихъой сувæллон анз æма æрдæгмæ хæстæг кæбæл цудæй, уæхæн биццеу фесавдæй. Агурдтонцæ ‘й алкæми – кæд билæй рахаудтæй, уагæр ибæл ци фидбилиз æрцудæй, раст цума зæнхи ‘скъуди ниххаудтæй. Фæстагмæ уæхæн гъуддагбæл æрлæудтæнцæ: еци дзаманти хуæнхти фæууидтонцæ æнахур устур цæргæстæ æма сæ хатдзæг адтæй, æвæдзи, уæхæни амæттаг фæцæй, зæгъæ.

Цард цудæй. Уæлдæри хабæрттæбæл рацудæй инсæй анземæ хæстæг. Еу бон Къæмунти æрфестæг æй бæхгин. Нихæси адæмæн салам равардта. Дзоргæ ба кодта цидæр æнахур æвзагбæл, неке ин неци лæдæрдтæй. Фæстагмæ уæхæн гъудимæ æрцудæнцæ – аци лæхъуæн æ амундтитæмæ гæсгæ ардигон æй. Нихæси адæмæй кадæр Цопанти Болатихъомæ дзоруй:

– Сумахæй биццеу ку фесавдæй, е ма уæд?..

Болатихъо æрцæуæгмæ лæмбунæг кæсуй æма уотæ бакодта:

– Нæ, мах хузæнæй имæ неци ес.

Гъуддаг уобæл нæ рахецæн æй. Хестæртæй кадæр уотæ:

– Болатихъой уосæ Магкауонæн æй фæууинун кæнайтæ.

Кæстæртæ фæууадæнцæ, мадæн балæдæрун кодтонцæ хабар. Силгоймаг нихæсмæ ниццудæй æма еуварсæй бакастæй æрцæуæгмæ. Ку ‘й фæууидта, уæд æ зæрдæ бауадзуг æй. Æхемæ ку ‘рцудæй, уæд син уотæ:

– Æ сунти иуонæбæл гъæуама уа райгурцæй æстъæлфæ.

Æцæгæйдæр, уотæ разиндтæй. Цопантæ сæ исæфт фуртбæл цийнæ кодтонцæ. Гъæубæстæн дæр æхцæуæн адтæй. Куд балæдæрун кодта æрцæуæг, уотæ е дзурдта цæцæйнагау, æ ном ба адтæй Брахъ. Бийнонтæ, гъæубæстæ дæр нур балæдæрдтæнцæ – биццеуи фесæфт, Болатихъо кæддæр фонс давгутæн æверхъау миуæ ке бакодта, уой хæццæ баст ке адтæй, уой.

Рæстæгути фæсте Брахъ дигоронау райдæдта дзорун, бийнонти гъуддаг дæр ин бакодтонцæ. Адтæй мадзора, кустбæл цæфст. Æхемæ райста ихæс æма ефстаг бонæй фæстæмæ, дууæ хайуанебæл цудæй Сарди коми гъæдæмæ согмæ.

Ку æрлæмбунæг æй, дигоронау дзæбæх дзорун ку райдæдта, уæд æ Цæцæни царди хабæрттæ ракодта. Уоми цардæй лæг æма уоси хæццæ, куд сæ фурт, уотæ. Фал еу – дууадæс-æртинсæйанздзудæй гъæуи е ‘мгæрттæн æгæр тухæ кæнун райдæдта, расхуститæ сæ кæнидæ. Еу уæхæн буцæуи ин сæ еу уотæ ку бакæнидæ:

– Ду цæцæйнаг дæр нæ дæ, æлхæд дæ!..

Биццеу хæдзари æ мади æрфарста. Мадæ ин сæ хабар ракодта:

– Дæ фиди хæццæ цардан дууемей, Хуцау нин зæнæг не ‘саккаг кодта берæ æнзти. Дæу ба цидæр æнахур лæгтæ æрбахастонцæ. Кадæр сæ махмæ ниййардудта, гъома, зæнæг син нæййес æма уони бавзаретæ. Мах дæ нæхецæн фуртæн райстан. Æнахур иуазгутæ ба цума Ирæй адтæнцæ, уотæ сæ балæдæрдтан. Куд зонис, уотемæй нæ цард æй нæхе фæндон, гъæздуг, ес нæмæ фагæ зæнхитæ, берæ фонс. Дæу фæсте ба ма нин Хуцау кизгæ балæвар кодта.

Брахъ куд ирæзгæ цудæй, уотæ æ сæри зунди, æвæдзи, берæ аллихузон гъудитæ æвзурстæй. Еу нæудæс-инсæй анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд мадæ æма фиди фæндонмæ гæсгæ Брахъ æма кизгæ гъæуама исаразтайуонцæ бийнонтæ. Фиди унаффæ адтæй уотæ:

– Цæмæн дæттæн нæ кизги ескæмæн. Нæ берæ мулкитæй ескæмæн хай кæнуни бæсти еумæ æрцæрæнтæ æма сæ идарддæри цард уодзæнæй алцæмæй дæр æнхæст, парахат, райдзаст. Зин зæгъæн æй, аци фæндонæ Брахъи зæрдæмæ нæ фæццудæй, æви æй фидтæлти тог æ райгурæн бæстæ Иристонмæ ивазта, е.

Еу бон æхе исрæвдзæ кодта æма хæдзайронтæн уотæ:

– Цæуон, фиййæуттæ бабæрæг кæнон, еу рæстæг уоми уодзæнæн…

Æхуæдæг ба ранæхстæр æй Иристони 'рдæмæ. Райдæдта Хъобанæй Курттати комæй Уæллагири коми уæнгæ гъæутæбæл зелун æма фæстагмæ Згидмæ бафтудæй. Етæ ‘й Уæллагкоммæ ниййардудтонцæ. Гъе уотемæй иссирдта æ райгурæн бæстæ.

Еци дзамани адтæй тухæ кæнуни рæстæг. Еу комæй иннемæ тохæндзаумауæй ефтонг къуæрттæ балæбориуонцæ, фонс раскъæриуонцæ, кенæ ба уоми гъæути дзоргутæбæл хъалон ниввæриуонцæ. Еууæхæни Къæмунти, зæгъун æнгъезуй æфсади хузæн, дууинсæй бæхгиней бæрцæ гæрзефтонгæй æрбалæудтæнцæ. Загътонцæ:

– Мæнæ дыгур, рагæйдæр хъалон нал бафыстат. Ныр алы хæдзар дæр уый бæрц æма уый бæрц барвæндонæй æрæвæрæд. Ис ма уæ бар, немæ æрбацыд богал æмæ уæ исчи йемæ рахæцæд хъæбысæй. Кæд æй исчи абырса, уæд сæрибар уыдзыстут хъалонæй, кæд уæ хæцæг фæхæрд уа, уæд ма хъалоныл бафтаудзыстæм.

Таурæхъмæ гæсгæ хъалон минкъий нæ адтæй. Мадта сæ богал ба арси хузæн, æма имæ гъæуккæгтæй неке нифс кодта. Кадæртæ ба загътонцæ:

– Амæн Брахъ ку неци бакæна, уæд неке.

Уотæ зæгъгутæ фæууидтонцæ еууæхæни Сарди донбæл хезгæй хайуантæй еу ниййахæвдæг æй – нæдæр размæ, нæдæр фæстæмæ нæбал цудæй. Брахъ дортæбæл лæугæй æд соги уаргъ хæрæгмæ февналдта æма ‘й дони сæрти байста. Уой фæсте дзурдтонцæ: «Брахъ дæр æ фидæ Болатихъой хузæн æмхуæцфарс æй – никкидæр хъаурæгиндæр».

Нихæси адæм сæ кæсуйнагмæ ку ‘ркастæнцæ, уæд загътонцæ тухгæнгутæн, сæ богали хæццæ ка рахуæца, уой бахезун гъæуй. Брахъ ба, куд иннæ бонти, уотæ адтæй гъæди сог хæссуни. Уидтонцæ ‘й хонсари хайуанти фæсте цæугæ. Кæстæрти ин æ размæ рарвистонцæ, балæдæрун ин кæнетæ гъуддаг, зæгъгæ. Брахъ ку исхъæрдтæй адæми æмбурдмæ, уæд кæронæй кедæр рафарста:

– Кæци æй сæ богал?

Къохтæ есгæ бацудæй. Богали къох ку иста, уæд е фестунмæ гъавта, æма ин Брахъ æ галеу къохæй æ усхъæ бунмæ ралхъивта: «Бадæ, ма истæ». Æлхъевгæ ба ‘й уотæ никкодта, æма æ усхъи бæхбæттæни æстæги хъиррист фæццудæй. Лæг уотæ фæрристæй, æма «уау», зæгъгæ, æ къох исхъел кæнун дæр нæбал бафæразта. Цæй бунити хуæцун æма ма цæй хъалон!.. Бæхгинтæ сæ бæхтæбæл фæббадтæнцæ æма фæннæхстæр æнцæ сæ фæд-фæд. Сæ дзурд нæ фæссайдтонцæ.

Къæмунти гъæу хъалонæй ке фæййервазтæй, уой туххæй Брахъæн устур арфитæ ракодтонцæ. Гъæуи хестæртæ ба унаффæ рахастонцæ: «Цопантæн Брахъи номбæл еумæйаг зæнхитæй хумзæнхæ рахецæн кæнæн». Унаффæ æнхæстгонд æрцудæй æма сауæнгæ революций уæнгæ хумæ худтонцæ «Брахъи хумæ».

Гъе уæхæн хабар æрцудæй раги дзамани еу-дууæсæдæ анзей размæ.

**Финддæс æма дууинсæй анзей размæ (1966 анзи мартъий) Дзæуæгигъæуи байгон æй Металлургти культури Хæдзарæ – нæ республики культурон цæмæдессаг артдзæститæй еу.**

*Философ В.В. ВЕЙДЛЕ (1895-1977) писал: «Природу можно уподобить саду, над которым человек властвует на правах садовника, но, вместо того, чтобы подстригать деревья и поливать цветы, он деревья вырубил, цветы выполол, землю утрамбовал, залил ее бетоном...»*



# ПОЖАРНАЯ БЕЗОПАСНОСТЬ ПРИ СЖИГАНИИ СУХОЙ РАСТИТЕЛЬНОСТИ

САМЫЕ распространенные природные пожары – это травяные палы. В большинстве случаев причиной возгораний является человеческий фактор. Безответственное отношение поджигателей к имуществу и здоровью окружающих приводит к необратимым последствиям. Граждане сжигают мусор и прошлогоднюю траву на своих огородах и дворовых территориях, дети – траву у дорог и на пустырях. А ведь в это же время, когда подразделения пожарной охраны заняты тушением сухой травы, где-то действительно может произойти серьезный пожар, и под угрозой окажется чья-то жизнь. Весной прошлогодняя трава быстро высыхает на солнце и легко загорается от любой искры. Травяные палы сразу распространяются, особенно в ветреные дни. Горение стерни и сухой травы – процесс неуправляемый. Остановить хорошо разгоревшееся пламя бывает очень непросто. Нередко от травяных пожаров сгорают дома и даже целые поселения. Привычное многим сжигание травы оборачивается тем, что плодородный слой почвы будет восстанавливаться после такого пала как минимум семь лет. Травяные палы вызывают очень сильное задымление. Шлейф дыма от разгоревшихся травы или соломы, может распространяться на многие километры. Во время горения стерни, мусора и других отходов, в атмосферу выделяется огромное количество рпасных веществ, отравляющих окружающую среду. Часто травяные палы уничтожают молодые посадки леса среди сельскохозяйственных полей. Травяные палы во многих случаях становятся причиной более катастрофичных пожаров-лесных и торфяных. Лес относится к природным ландшафтам повышенной пожароопасности. В нем может гореть практически все: трава, мох, пни, порубочные остатки, корни, валежник, бурелом, кустарники, подрост, подлесок, листья, древостой.

Отдел надзорной деятельности и профилактической работы по г. Владикавказ, сообщает, что с 01 января 2021 года вступили в силу новые правила противопожарного режима.

Постановление Правительства Российской Федерации от 16 сентября 2020 г. № 1479 «Об утверждении Правил противопожарного режима в Российской Федерации»:

**П. 66.** На землях общего пользования населенных пунктов, а также на территориях частных домовладений, расположенных на территориях населенных пунктов, запрещается разводить костры, использовать открытый огонь для приготовления пищи вне специально отведенных и оборудованных для этого мест, а также сжигать мусор, траву, листву и иные отходы, материалы или изделия, кроме мест и (или) способов, установленных органами местного самоуправления городских и сельских поселений, муниципальных и городских округов, внутригородских районов.

**П.67.** Правообладатели земельных участков (собственники земельных участков, землепользователи, землевладельцы и арендаторы земельных участков), расположенных в границах населенных пунктов и на территориях общего пользования вне границ населенных пунктов, и правообладатели территорий ведения гражданами садоводства или огородничества для собственных нужд (далее – территории садоводства или огородничества) обязаны производить своевременную уборку мусора, сухой растительности и покос травы.

**П.68.** На территориях общего пользования, прилегающих к жилым домам, садовым домам, объектам недвижимого имущества, относящимся к имуществу общего пользования садоводческого или огороднического некоммерческого товарищества, а также в лесах, лесопарковых зонах и на землях сельскохозяйственного назначения, запрещается устраивать свалки горючих отходов.

**П.69.** На территориях общего пользования городских и сельских поселений, городских и муниципальных округов, на территориях садоводства или огородничества, в том числе вне границ указанных территорий, в охранных зонах линий электропередачи, электрических станций и подстанций, а также в лесах, лесопарковых зонах и на землях сельскохозяйственного назначения запрещается устраивать свалки отходов.

Данные нарушения влекут привлечение к административной ответственности по ч.1 ст. 20.4 КоАПа РФ (нарушение требований пожарной безопасности) в виде штрафа: на граждан от 3000 руб.; на должностных лиц – от 6000 до 15000 руб.; на юридических лиц от 150000 до 200000 руб. Нарушение требований пожарной безопасности, повлекшее возникновение пожара и уничтожение или повреждение чужого имущества согласно ст. 20.4 ч.6 КоАПа РФ, влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от 4000 до 5000 руб.; на должностных лиц от 40000 до 50000 руб.; на юридических лиц – от 350000 до 400000 руб.

*М.З. ДЗАНТИЕВ,*
*дознаватель ОНД и ПР*
*по г. Владикавказу майор*
*внутренней службы.*

## СПАЛЯТСЯ ИЗ КОСМОСА

### Сжигающих сухую траву фермеров могут лишить субсидий

Сельские хозяйства, производящие пал сухой травы, могут остаться без госсубсидий, следует из протокола селекторного совещания по вопросам охраны лесов от пожаров, состоявшегося под председательством вице-премьера Виктории Абрамченко. Это произойдет после внесения изменений в постановление правительства о госпрограмме развития сельского хозяйства. «Внести проект изменений в постановление правительства в части установления запрета на предоставление субсидий сельхозтоваропроизводителям, допустившим в предшествующем периоде возникновение пожаров в результате выжигания сухой травянистой растительности», – указано в документе. За местами появления термоточек будут следить с земли и из космоса, а к выяснению, на чьей земле случилось возгорание, подключится Росреестр.

Владельцев земли, на которой заметят появление термоточек, поможет установить Росреестр. Перед началом пожароопасного сезона Абрамченко поручила провести проверки готовности к борьбе с огнем в регионах и ведомствах, включить в планы тушения новую технику и оборудование, приобретенные в рамках нацпроекта «Экология». Доклады о состоянии дел правительство должно получать ежемесячно.

*Алексей ДУЭЛЬ,*
*«Российская газета» от 04.03.2021.*

## В ЛЕСУ НЕ ЗАЖИГАТЬ

### Стартовала кампания «Останови огонь!»

Стартовала Федеральная противопожарная информационная кампания «Останови огонь!». Про опасность огня в лесу будут снимать даже мультики для детей и взрослых. Людям расскажут, как дорого может обойтись их беспечность. Например, в прошлом году в Оренбургской области суд приговорил тракториста к штрафу в 1,3 млн рублей за не установленный на трубу трактора пламегаситель, из-за чего загорелся лес.

Борьба с пожарами – это не только их тушение, но и профилактика. По данным Рослесхоза, в прошлом году удалось предотвратить более 21 тысячи лесных пожаров. В этом году кампанию «Останови огонь!» начали на полмесяца раньше, чем в прошлом году. Необходимость такой срочности в Рослесхозе объяснили просто: если раньше пожароопасный сезон длился примерно 8 месяцев, то теперь – все 12.

В федеральной Авиалесоохране сообщили, что первый лесной пожар в этом году был зарегистрирован уже 1 января. Он произошел в Туапсинском районе Краснодарского края. Этот регион признан наиболее пожароопасным в стране. За 7 дней нового года там зафиксировано 13 лесных пожаров. В марте повышен риск пожаров из-за палов сухой травы, незатушенных костров и сигарет в Приволжском, Уральском, Сибирском и Дальневосточном округах, а также в Краснодарском крае и в Крыму.

*Тимофей БОРИСОВ*
*«Российская газета» от 02.03.2021.*

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**
**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№517.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 11.03.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**